**9 класс**

## Адыгэ хабзэ

**Мы дунейм лъэпкъыу тетщ, къызэралъытэмкIэ, миниплIым нэс. Ауэ щыхъукIэ апхуэдиз хабзи щыIэщ. Хабзэр, дауи, зэхэтыкIэщ, зэбгъэдэтыкIэщ, унагъуэм, жылэм, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ, цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ, лIымрэ фызымрэ я зэхуаку щызекIуэ зэхущытыкIэщ. Адыгэ хабзэр здынэмысрэ зыдэмыIэбэ плIанэпэрэ адыгэ гъащIэм иIэкъым, Iуэху жьгъей цIыкIуу къытфIэщIхэм деж къыщыщIэдзауэ Iуэхушхуэ дыдэхэм я деж нэсу. Ар щIыхьщ, пщIэщ, нэмысщ, цIыхур цIыху зыщI гулъытэ дахэщ. Хабзэр ягъэзащIэ, зэрахьэ, яхэлъщ, я гум щахъумэ, хуэсакъыу, иригушхуэу, армыхъумэ псалъэ дыгъэлкIэ ягъэбатэркъым. Аращ, дауи, адыгэ псалъэжьым щIыжиIэр: "Хабзэр бзэгупэкIэ зэрахьэркъым".**

**Адыгэ хабзэр лIэщIыгъуэ IэджэкIэ зэфIэуващ, зигъэпсу, зипсыхьыжу. Абы къыхэкIыу блэкIа зэманыжь куэдым я нэпкъыжьэ телъщ: цIыхур цIыху щыхъуам и деж къыщыщIэдзауэ тепщэрэ пщылIу гуэша щыхъуам нэсу, Iэхъуэ-шыхъуэу щыщытам къыщежьэрэ мэкъумэш лэжьыгъэм къыхыхьэу, мажусий тхьэхэм я деж къыщыщIидзэрэ дин зэмылIэужьыгъуэхэм къажьэхэуэу, шабзэ, сагъындакъхэр щаIыгъам къыдежьэрэ Iэщэ бзаджащэхэм я лъэхъэнэр къызэщIиубыдэу. Хабзэр къамыгупсысу, ар гъащIэм къыхэкIыр пэжмэ, сыт абы лъабжьэ хуэхъуар?**

Тхыдэм уриплъэж нэужькIэ, лъэпкъ куэдым я деж ущрохьэлIэ зэманыжь дыдэ блэкIахэм цIыхухэм я жьы хъуахэр яукIыжу, бгым щадзу, е ахэр цIыху здэмыкIуэ щIыпIэ пхыдза гуэрхэм яшэрэ абы щылIэну къагъанэу щытауэ. Апхуэдэ хъыбархэр хэтщ адыгэхэм ди IуэрыIуатэми. Абы япкърылъ гупсысэр тIу мэхъу. Япэр - зи адэр бгым щидзэжыну таджжэ зыгъэхьэзырыр абы и къуэ иджыри сабийм зэрригъэгупсысарщ, ар езыр жьы хъумэ, къыпэплъэ IэнатIэм. Ар езым къызэрыщIэкIуэжынум щхьэкIэ, и адэр бгым щимыдзыжу къигъэнащ. Мыбы хэлъыр: Iей пщIауэ фIы ущымыгугъ, уи япэкIэ бгъажэ мывэм урихьэлIэжынщ. ЕтIуанэр - уэгъу-щIыгъу бзаджэ, гъей къэхъуауэ цIыхур щызэтелIэм, бгы гъуанэм къринэу къэкIуэжа адэм кърит чэнджэщхэм я фIыгъэкIэ цIыхухэр ажалым къол. Абы къыщыщIидзэри жьы хъуахэр яукIыжакъым. Куэд къэзыгъэщIам куэд ещIэ. ЦIыху жьы хъуам къару бгъэдэмылъыж щхьэкIэ Iэзэныгъэ, Iущыгъэ ин гъащIэм кърикIуа иIэщ. Ар мылъку мащIэкъым. Аращ адыгэхэм щIыжаIэр: "Акъылыр былымщ".

ИкIи абы шэч хэлъкъым, адыгэхэм я нэхъыжьым хуащI пщIэмрэ щIыхьымрэ я лъабжьэр къыщежьэр а нэхъыжьхэм ябгъэдэлъ акъылырщ, Iущагъырщ, гупсысэрщ. КъэкIуатэурэ ар хабзэу зэфIэуващ, лъэпкъым зэдайуэ. Ар адыгагъэм щыщ хъуащ.

"Хабзэ кIэлъызэрихьащ", "хабзэ игъэзэщIащ". Апхуэдэу зыхужаIэр адыгагъэ нэс зыхэлъхэрт, я щхьэ мыхъуу лъэпкъ напэм, цIыхугъэм егупсысу нэгъуэщIым и Iуэхур япэ изыгъэщыфырт, цIыхур и щхьэ ирилъытыфу, езым зыгуэрхэм зыхуигъэныкъуэрэ, адрейм хьэлэлагъэрэ жумартыгъэкIэ бгъэдэтыфырт.

**1. Псалъэухар синтаксис и лъэныкъуэкIэ зэпкърыхын:**
Хабзэр ягъэзащIэ, зэрахьэ, яхэлъщ, я гум щахъумэ, хуэсакъыу, иригушхуэу, армыхъумэ псалъэ дыгъэлкIэ ягъэбатэркъым.

**2. Морфологие и лъэныкъуэкIэ зэпкърыхын:** зэмылIэужьыгъуэхэм

# Диктант.

## Адыгэ хабзэ.

Мы дунейм лъэпкъыу тетщ, къызэралъытэмкІэ, миниплІым нэс. Ауэ щыхъукІэ апхуэдиз хабзи щыІэщ. Хабзэр, дауи, зэхэтыкІэщ, зэгъэдэтыкІэщ, унагъуэм, жылэм, нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ, щІыхухъумрэ щІыхубзымрэ, лІымрэ фызымрэ я зэхуаку щызекІуэ зэхущытыкІэщ. Адыгэ хабзэр здынэмысрэ зыдэмыІэбэ пІланэпэрэ адыгэ гъащІэм иІэкъым, Іуэху жыжьей щыкІуу къытфІэщІхэм деж къыщыщІэдзауэ Іуэхущхуэ дыдэхэм я деж нэсу. Ар щІыхьщ, пщІэщ, нэмысщ, щІыхур щІыху зыщІ гулъытэ дахэщ. Хабзэр ягъэзащІэ, зэрахьэ, яхэлъщ, я гум щахъумэ, хуэсакъыу, ирипщыхуэу, арыхъумэ. Псалъэ дыгъэмкІэ ягъэбатэркъым.

Арац, дауи, адыгэ псалъэжьым щыжи-Iэр: „Хабзэр бзэгупэкIэ зэрахьэркъым“.
Адыгэ хабзэр лIэщIыгъуэ IэджэкIэ зэфIэуващ, зигъэпсу, зипсыхьыжу. Абы къыхэкIыу блэкIа зэманыжь кудым я нэпкъыжьэ телъыщ: щIыхур щIыху щыхьуам и деж къыщыщIэдзауэ тепщэрэ пщылIу гуэша щыхьуам нэгу, Iэхъуэ-шыхъуэу щыщытам къыщежьэрэ мэкъумэш лэжьыгъэм къыхыхьэу, мажусий тхьэхэм я деж къыщыщIидзэрэ дин зэмылIэужьы-гъуэхэм къапэжьэхэуэу, шабзэ, сагъын-дакъэхэр щаIыгъам къыдежьэрэ Iэщэ бзаджащэхэм я лъэхъэнэр къызэщIиубыдэу. Хабзэр къамыгуп-сысу, ар гъащIэм къыхэкIыр пэжмэ, сыт абы лъабжьэ хуэхъуар?

5

Хабзэр ягъэзащIэ, зэрахьэ, яхэлъыщ, я щIы щахъумэ, хуэсакъыу, щIи-гущхьэу, армыхъумэ псалъэды-

гъэмкIэ ягъэбахътэкъым.

зэмылIэужьыгъуэхэм

5

# Изложенэ.

Тхыдэм уриплъэж нэужькIэ ущрохьэлIэ зэманыжьыхэм цIыхухэм я жьы хъуахэр яукIыжу, нэгъуэщI щIыпIэ пхыдза гуэрхэм яшэу. Адыгэхэм я IуэрыIуатэхэми хэтщ апхуэдэ хъыбархэр. Абы гупсыситI япкъ-рылъщ. Япэр - зи адэр бгым изи-дзэжьыну къэзыгъэнар, езым къыпэплъэ IэнатIэр къыщищIэм. ЕтIуанэр - уэгъу - щIыгъу къыщIыхъуам и адэ илъыукIыжыдам и чэнджэщхэмкIэ цIыхухэр ажалым къызэрелар. Абы иужькIэ жьы хъуахэр яукIыжакъым. Куэд къэзыгъэщIам куэд ещIэ. Iэзэ-ныгъэр, Iущыгъэр мылъку мащIэ-къым.

Адыгэхэм я нэхъыжьыхэм хуащI пщIэр къыщежьар а ябгъэдэлъ акъылырщ. ИужькIэ

ар хабзэ хъуащ, адыгагъэм щыщ хъуащ.
Адыгагъэ зыхэлъхэм „хабзэ кӀэлъызэрихьащ", „хабзэ игъэзэщӀащ" хужаӀэр.

5